Nëxit gi jigéen di gis ak mboq-mboq yi ginnaaw laab daawuñuko jàppee dara

Jële nañu ci Ummu Atiyyata -yal na ko Yàlla dollee gërëm-,mu bokkoon ci ñi jaayante woon ak Yonnente bi-yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc-,mu wax ne: Nëxit gi jigéen di gis ak mboq-mboq yi ginnaaw laab daawuñuko jàppee dara.

[Wér na] [بعد الطهر) بدون زيادة ورواه البخاري بهذا اللفظ ورواه أبو داود)]

Sahaaba bu jigéen bii di Ummu Atiyyata -yal na ko Yàlla dollee gërëm- day xibaare ne jigéen ñi ci jamonoy Yonnente bi-yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- daawuñu jàppe mbaax ndox miy génne ci awra -xaw a ñuul, walla mboq-ginnaaw bimu laabe , ba tax duñu bàyyi julli ak woor ngir moom.

http://sunnah.global/hadeeth/wo/show/10014